МУ «УДО Урус-Мартановского муниципального района»
**Муниципальное бюджетное дошкольное образовательное учреждение**
**«ДЕТСКИЙ САД №3 «ИМАН» Г. УРУС-МАРТАН»**
**(МБДОУ «Детский сад №3 «Иман» г. Урус-Мартан»)**

МУ «Хьалха-Мартананмуниципальни кIоштан ШХЬДУ»
**Муниципальнибюджетнишколалхьалхарадешаранучреждени**
**«ХЬАЛХА-МАРТАНАН БЕРИЙН БЕШ №3 «ИМАН»**
**(МБШХЬДУ «Хьалха-Мартананберийнбеш №3 «Иман»)**

## Говзанча-класс
## Тема: «Берийн къамел шардаран барам кхиор хьалкъан барта кхолларалин г1онца».

**1алашо:** д1агайта хьехаран некъаш; д1айовзита тайп-тайпана барта кхолларалин произведенеш а, церан г1онца берийн къамел шардаран кепаш а.

**Хоттина декхараш:**

1. Белхан накъосташна д1адовзийтар барта кхолларалех пайда эцаран кепаш берийн раж ларьяран белхан мехала меттигашкахь.
2. Кхиорхойн говзаллин барам лакхабаккхаран кхиамна аьтто бар; нохчийн фольклоран кепех практикехь хаддаза пайда эцарна тидам т1ебахитарехь а.

Говзанча-классан конспект х1оттийна школалхьалхара федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан документан бух тIехь.

**Де дика дойла шу, Лераме накъостий!**

Массо а марша дог1ийла шу хьокху говзанча-классе «Берийн къамел шардаран барам кхиор хьалкъан барта кхолларалин г1онца» аьлла ц1е йолчу.

Фольклор иза ду хьалкъан хьекъал, синан бахам, поэзи, проза. Хьалкъан поэтически дашо беш берг боккха пайда бу вай т1екхуьуш йолу т1аьхье кхиорехь, ткъа халкъан барта кхолларалин кегийчу жанраша беш болу пайда къасттина ч1ог1а мехала бу.

Берашца бечу балха т1ехь фольклоран произведенийн мехалла гучайоккху церан интонацийн къастар лакхар хиларо, аттачу рифмано, масийттаза аьзнаш а дешнаш а юх-юха дийцаро берийн ладог1ар, ойлайар совдоккху.

Фольклоран г1оьнца берийн къамел шарло, ненан мотт бовзар совдолу, дешнийн, аьзнийн алар нисло.

Шу соьц рез хир ду аьлла хетт сун вай кхиорхой кхолларалин нах ма дай, къаддалар, мало яр, вайн балхаца дохуш хьумш дац.
Вай бечу балхашкахь вайна г1оле хет б1озза хьума гар, оцу хьуманах лаьцца б1озза дуьйцуш хазарал, кхин а г1оле хет вайна и хьума дар а.

Тахана сан лаам бу, шуна сан накъостий, д1айовзита, дагайта цхьайолу хьалкъан барта кхоллараллехь ма-эццало пайда эцаран техногин методически белхан кепаш, берийн къамел кхиорехь пайден йолу.
Фольклоран кепаш берийн раж ларьяран белхашна юкъайалор, пайдехьа карина суна церан мотт шарбаран барам лакха баккхарехь, и бахьана долуш фольклоран кепаш берашна йовзитар ма хуьлла халхе д1адолор г1оле а, пайдехьа хета суна.

**1. Практикехь зеделларг.**

Шуьга тидаме эцита  лаьа сайн хьехаран балха т1ехь зеделларг.

**2. Хаттаршна сихха жоп далар:**
**Къасстина берашна самукъне хета х1етал-металшна жоьпаш лохуш,**
**Х1етал-металша ойлаяр кхиадо берийн.**

1.Х1етал-метал хаийла шуьна вай ц1ина т1ера ахь сискал? (бутт);
2.Х1етал-метал хаийла шуьна къеначу стеган говр?(1аса)
3.Х1етал-метал хаийла шуна туьканахь юхкуш а йоцуш, цхьана а заманчохь, ехча, лур а йоцуш, нахана юккъехь эша а оьшуш йолу х1ума?(Г1иллакх)
4.Х1етал-метал хаийла шуна, хи йистера къорза бохча? (пхьид)
5. Х1етал-метал хаийла шуна хьаргIа сана Iаьржа ю, маIа ю, ша сту бац, ялх ког бу, бергаш яц? (Чхьаьвриг)
6. Х1етал-метал хаийла шуна, куьйгаш а дац, бел а яц, поппарх хIусам а йо? (ЧIегIардиг)

7.Х1етал-метал хаийла шуна, хьуьнчохь а арахь а кетар ю лелаш? (УьстагI)

8.Х1етал-метал хаийла шуна, арахь а, чохь а, цо х1усамаш охку,цицигах ларло, х1ун ю и? (Дахка).

9.Х1етал-метал хаийла шуна, цомгаш хилча молу, къаьха хиларх? (Молха).

10.Х1етал-метал хаийла шуна, ву тхан ц1енош лардеш ч1ог1а, дукха жима хехо?( Дог1а)

**3.Берийнн рожаьх 1амош йолу фольклоран кепаш:**

**Берийн ч1ог1а самукъа долу вовшин хьовзош эшар локхуш.**
**Шуна цхьанни йойзи фольклоран и кеп?**

1. Автобус йог1у,
   Г1овга яхаш йог1у,
   Аравала ва Хьасан
   Хьан нускал дог1у.

2.Исмаь1ал ц1е йолчунга
Цхьа маь1ал, ши маь1ал, кхо ма1аьл… терахь дешнащца легало и ц1е.
Иштта Ислам бохуш йолу ц1е а.

3.Хаважа, важа тхан кертахь ма важа.

**Бераш ловзучу хенахь церан нислокх кортош вовшах кхеташ меттигаш. Оцу хенахь бераша д1аолу иштта дешнаш.**
**Накъостий шух цхьанни хаи дешнаш?**

Сан, сан ненан корта ма лозийла
Шайт1анан корта лозийла.
И дешнаш дийца долича берийн самукъа долий шай лазина корта бицло.

**Накъостий аша тидаме эцна хир ду аьлла суна берашца вай дуьйлаладала ара девлича, вайна арахь гар нисло тайп-тайпана сагалматаш, нагахь санна тхайна бирдолиг гича берашца оха д1аолу х1ара тайпа дешнаш.**
**Бирдолиг гича олуш долу дешнаш девзаш вуй цхьа а?**

1.Бирдолиг, бирдолиг
Дай- наний дела бах,
Йиший-ваший дисна бах,
Ги боьттина х1оаш дахьш
Дола бах.

2 Полла, полла хаза полла,
хьо юха бохуш
Суна дарий коч,
ц1ен къархаш балахь.

**Кест-кеста нисло пхьид гар а, и гича берашна диц ца ло, пхьид гича олуш долу дешнаш.**

**И дешнаш ала луъш вуй цхьа а?**
**И дешнаш ду, фольклорана кепашна юккъехь.**

Ватта-пхьид, ватта-пхьид
Сан ков-керта йог1ара хьо
Муси мачаш йуьйхина, моллин г1аж такхина.

**Вайна хуаш ду бераша хьуманна тидам бар ч1ога хуьлий**
**Царна го стиглахула д1адоьдуш долу кема а и гича уьш сихло шайна 1амина долу дешнаш д1аала.**
Кема, кема хьо стаьнга доьду,
Кема, кема хьо гена доьдий,
Хьо юха дохуш дарин коч ялахь.

Суна яа компеташ ялахь.

**Шуна нис луш хир ду аьлла хета суна кест кеста берий хьума яр кара ца яр. Оцу заманахь берашна дагадог1у шайна 1амина долу фольклорана юккъера х1ара тайпа дешнаш:**

Шайт1а-шайт1а хьайн ц1енаниг д1аэций сан тишнаг схьало
Шайт1а-шайт1а хьйн дикнаг д1аэций сан воииг схьало.

**4.Бовзийта лаьа сунна берашца кицнаш т1аьхьа беш болу болх:**
**Ас д1а долор ду кицнаш, шу уьш чекх даха хьажа.**

1. Болх бечу кхаьчча, - болх бе, юучу кхаьчча - яа.

2. Воккхах волчунна хьо жимах вацахь, жимохчунна воккхах а хир вац хьо.

3. Шен ц1а-ц1ен ц1а.

4. Дешар серло-цадешар бода.

5. Доггахь билхинчу шина баьргахь ц1ий деъна.

6. Г1иллакх дезаш волчунна и генахь дац аьлла.

8. Дикачу г1иллакхо лайх эла вина, вочу амало элах лай вина.

9. Къиг т1ееъча, къиг а г1отту хьала.

10. Аьхка мало-1ай хало.

**5.Х1инца вай лацадалар д1адоккхур ду: (Физминот)**

Ану бабин г1езаш ю, г1езаш ю, г1езаш ю
синачу байт1ехь ежаш ю, ежаш ю, ежаш ю,

Аса и г1езаш ягар йо, ягар йо,йагар йо,

Куьйгийн п1елгаш сетта до, сетта до, сетта до.

Нана, хьажо, юккъернирг, ц1е йоцург

П1елгаш кхачи цхьаъ боцург, цхъаъ боцург,

Мульхарг бу вай бисна п1елг, бу иза вайн ц1аза п1елг.

**6.Мотт шарбар: (чехкааларш) ч1ог1а мехала ду берийн мотт шарбаран балха т1ехь. Хинца уьш вай цхьана д1адуьйцур ду.**

1.Ча такхо тача, тача такхо ча.
2. Ши-кхоъ капек, кхо-шиъ капек
3. Сирчу аьттан  ши шинара, 1уьрре даьккхина дуькъа шар.
4. Кхо къиг,кхо туьма, кхо кхокха.
5. Шар мелла ши газа, ша т1е даьлла ши шинара.
6. Хьан киснахь ши сирмик, сан киснахь ши шай.
7. Генахь лам бу, лам т1ехь лом ду, лоьме петох и гинарг- вох.
8. Сан шар шуна, шун шура сунна.

**7.Кроссворд-хаар-зер (шина тобанаболх) Х1инца са шуьга дехар хир ду шина тобане декъадалар а, кроссворд кхочуш яран болх бар а.**

**1) Красвордан еак1овнаш чу дог1уш долу дешнаш язде, т1аккха шун таро хир ю цу юккъе д1алачкъийначу дийнатан ц1е яккха ( деша лакхара охьа) (Хешт)выдра**

1. Говр д1аюжу г1ирс.
2. Цирка чохь йолу майда.
3. Т1ом д1абаьлча х1уттуш берг.
4. Хьийзаш кхуьучу ораматан г1ад.

(Жоьпаш:1.Архаш,2.Арена,3.машар, 4.хутал)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **1.** | | | | |
| **2.** | | | | |
| **3.** | | | | |
| **4.** | | | | |

**2) Кроссвордан еак1оьвнаш чу дог1у дешнаш язде. Аша и нийса кхочушдахь, шун таро хир ю цу юккъе д1лачкъийначу олхазаран ц1е яьккха ( деша лакхара охьа) (Хенак1ур) дятел.**

1.Дечиг хадон г1ирс.
2. Туьйранашкара йоккха стаг-бозбуанча.
3. Говрана т1етуьллу г1ирс.
3. Шо кхаьчча газа.
4. Чохь лелош йолу мача.
5. Туьйранашкахь ц1ий молуш йолу хьума.
6. Говрийн «тоба».
(1.Херх.2. Ешап.3. Нуьйр. 4.Авст. 5. К1арх. 6.Убар. 7. Рема.)

| | | | |
|---|---|---|---|
| **1.** | | | |
| **2.** | | | |
| **3.** | | | |
| **4.** | | | |
| **5.** | | | |
| **6.** | | | |
| **7.** | | | |

**Берашца тхо ловза дуьйлалуш аса юкъаялайо фольклоран кепехь цхьа кеп и мулхариг ю хаттар хир ду са шуьга? Вайн ненан маттахь дагардарш хаи шуна?**

**8.ДАГАРДАРШ:**

1.Суьйре, суьйре садайна,
Г1ала вахча етт байна,
Т1ам, т1ам ведаран т1ам хьо д1авала капитан.

2.Цхьара,цхьара цхьайтта,
Ц1ийна нана шийтта,
Ши мотт бетта к1удал,
Туп хьесий дохуш, хеса т1улгаш кхуьссуш,
Огурц, могурц , к1омсарш, к1алч.

3.Дум, дум бишшари ,чахь чиркъ индарби,
Ай-вай иннаказ-бунч1!

**9.БЕРИЙН ЛОВЗАРШЦА ДОГ1УШ ХИЛЛА ХЕТТАРШ-ЖОЬПАШ:**
**Хьалха заманахь цхьадолу берийн ловзаршна т1аьхьа эшарш ялош хилла. Иштта хеттарш деш а, царна жоьпаш луш**
**а ловзарш хилла вайнехан. Х1инца дукхах долу ловзарш дицделла, амма халкъан иэсехь йисна цаьрца йоьзна хилла барта произведенеш (хеттарш — жоьпаш).**

1.. Циციг-мициг,
Хьо мичахь дара?
— Говраш 1амош дара.
— Говраш мичахь ю?
— Г1опа чу йоьхкина.
— Г1ап мичахь ю?
— Ц1аро ягийна.
— Ц1е мичахь ю?
— Хино яйина.
— Хи мичахь ду?
— Старг1анаша д1амелла.
— Старг1анаш мичахь ю?
— Лома т1ехьа яхана.
— Лам мичахь бу?
— Н1аьнаша бохийна.
— Н1аьний мичахь ду?
— Бедаша диъна.

2. — Цхьа-цхьа цхьайтталиг,
Ши етт бетта гуьмилиг**
— Гуьмилгахь х1ун ю?
— Кур лекха ка бу.
— Коьмана х1ун еза?
— Яа буц еза.
— Бацана мила оьшу?
— Мангалхо оьшу.
— Малгалхочунна х1ун еза?
— Думий-галий деза.
— Думий-галий даалахь,
— Суна дакъа диталахь.

**10.Го юкъа валарх ловзар:**

Ловзуш болчара, цхьаъ юккъе а вокххий, цкъа хьалха го бо. Т1аккха юккъе ваьк кхинчуьнга хаттарш а деш (кху лахахь далийна долу), цо эшарца а, куьйга-эшарца а жоп а луш, д1ахьо ловзар:
Г о б и н а ч а р а. Схьадийцахьа, тхан йиша к1а д1а муха доь?
Ю к к ъ е р а ч о. К1а иштта д1адоь, к1а иштта д1адоь (куьйга-эшарца ган а гойтуш).
Г о б и н а ч а р а. Схьадийцахьа, тхан йиша, к1а т1е муха долу?
Ю к к ъ е р а ч о. Иштта долу, иштта долу (куьйга-эшарца гойту).
Г о б и н а ч а р а. Схьадийцахьа, тхан йиша, к1а муха хьокху?
Ю к к ъ е р а ч о. Иштта хьокху, иштта хьокху…
(мангал хьакхаран кеп х1оттайо).
Г о б и н а ч а р а. Схьадийцахьа, тхан йиша, к1а муха ору?
Ю к к ъ е р а ч о. Иштта ору, иштта ору
(ц1ов охьа буьллий, т1е з1е т1ехь йолу г1аж еттаран сурт х1оттадо).
Г о б и н а ч а р а. Схьадийцахьа, тхан йиша, к1а муха охьу?
Ю к к ъ е р а ч о. Иштта охьу, иштта охьу (кахьар хьовзоран сурт х1оттадо).
Г о б и н а ч а р а. Схьадийцахьа, тхан йиша, демах бепиг муха до?
Ю к к ъ е р а ч о. Иштта до, иштта до (бод хьеран, сурт х1оттадо).
Г о б и н а ч а р а. Схьадийцахьа, тхан йиша, бебиг муха доу?
Ю к к ъ е р а ч о. Иштта доу…Иштта доу…

**11.Аганан эшарш:**

**Бер агана д1адижош ненас цунна локху (аганан илли)**
**Накъостий аганан илли лакх хуъш цхьаъ вуй шух?**

1.Дижалахь жиманиг,
Мерзачу набарца.
Г1атталахь , жиманиг,
К1оргерчу хьекъалца,
Мерза наб кхетийла жимачу к1орнина.

2.Дуьйшуш г1оза дийшараш ,
Г1овтуш г1оза г1овтараш.
Дийшалаш, дийшалаш,
Кегий к1орнеш дийшалаш.

**Хинца сан шуьга хаттар хир ду вай бечу белхан муьлхачу ражехь далича нийса хир ду аьлла хета шуна аганан илли?**

**Иштта бераш хьостуш аса д1аола хьара дешнаш:**

Ког –ког коьган ког, хаттала бахана баьхбина ког,
Бацала хьакхна ц1анбина ког,
Межарг белла 1ехина ког
Ког-ког коьган ког.

**Рефлекси.**

**Дийцинчуьнан жам1 дар:**

**Таханлерачу говзанча-классехь шуна керла хьун хаар нисдели?**
**Шуна хьун хазахитий?**
**Шун дагахь хьун дисий?**

Лераме накъостий шаьш бечу балха т1ехь хьакъан барта кхоллараллин кепехь пайда эца хьовсалаш, царца шу таро хир ю берийн къамел шардан а, вай къоман хаза, исбахьа фольклор йовзита а.

**Говзанча-класс кечйеш пайда эцна йолу литература:**


Газет «Берийн беш» №12 2021 ш., №1 2022 щ; https://nohchalla.com/;
Нохчийн фольклор: Джамбеков Шаърани Алихаджиевич 1990 ш. (х1оттийнарг) http://orga.narod.ru/folklor/main.htm; «Сан хьалхара книга» Динаев Алихан, 2020; Берийн журнал «Стела1ад» «Зорбанан ц1а»; «Сан къоман хазна»: Абдрахманова  Жарадат Минкаиловна, Джунаидов Саламбек Сираждиевич 2022 ш.( х1оттинарш) «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»;  «Берийн каде ловзарш, физически упражненеш»: Аслаханов Сайд-1али 2008 ш. (х1оттинарг); «Нохчийн берийн ловзарш»2008: Махмаев Жамалди (х1оттинарг).


Шуна массаьрна а даггара баркалла ала лаьа сунна кху ас кечйинчу говзанча-классехь дакъа лацарна. Сан шуьца и дахьош билггала ч1ог1а самукъа дели.

Массера Дала аьтто бойла вайн! Дала т1аьхье беркате йойла!